

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan medar struktur carita jeung aspék psikologis dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*. Luyu jeung tujuan anu rék dihontal dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun ngdéskirpsikeun struktur jeung aspék psikologis dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*, sabada dipaluruh, tuluy dicindekkeun yén:

- a. Struktur carita dina ieu kumpulan carita pondok ngawengku:
 - 1) Tema-tema nu kapanggih dina ieu carita pondok umumna ngeunaan kahirupan sapopoé, kayaning masalah cinta, sosial, budaya, tanggung jawab jeung rumah tangga, misteri jeung mistik.
 - 2) Fakta carita nu ngawengku: alur tokoh jeung penokohan; latar, nu kapanggih dina ieu kumpulan carita pondok, dicindekkeun saperti ieu di handap:
 - a) Alur téh mangrupa runtyan kajadian nu aya dina carita. Alur nu kapanggih dina ieu kumpulan carita pondok loloana make alur merele, aya sababraha carpon anu make alur bobok tengah,
 - b) Tokoh jeung penokohan, tokoh téh nya éta palaku nu aya dina carita. Dumasar kana perananan tokoh Dina kumpulan carita pondok kabagi dua nya eta tokoh utama jeung tokoh tambahan. Tokoh utama dina ieu kumpulan carita pondok lolobana tokoh awewe. Tokoh awewe nu dipidang mibanda karakter anu kompleks, mandiri, pasrah, percaya diri teu boga pendirian, ngagugulung perasaan, timburuan jeung tanggung jawab. Sedengkeun tokoh utama lalaki dipidangkeun boga karakter anu kurang hade kayaning: egois, ngalajur napsu, resep salingkuh ,jeung tukang tipu Tapi aya oge karakter tokoh utama lalaki anu dipidangkeun boga karakter, motekar,

rajin, jujur, jeung tanggung jawab. Tokoh-tokoh tambahan boga karakter nu rupa-rupa, ieu karakter téh dijieun pikeun ngarojong kana karakter tokoh utamana.

- c) Latar téh nya éta tempat, waktu jeung kondisi sosial dina carita. Latar tempat nu kagambar dina ieu kumpulan carpon, lolobana sarua jeung latar carpon nu umum. nya éta nyaritakeun kahirupan kota dikota, di kampung jeung padesaan, nu dikampus, di kantor, di imah, tapi aya oge nu nyaritakeun latar pagawean di hotel, lokalisasi jeung di bar, sarta sisi laut. Latar waktu oge teu pati beda jeung carpon dina umumna, nyaritkeun kajadian ti beurang, tipeuting, mangsa nu geus kaliwat. Latar sosial nya éta kondisi jeung status tokoh dina carita. Dina ieu kumpuln carita pondok, tokoh-tokohna lolobana digolongkeun kana status sosial nu menengah ka luhur, aya eta oge carpon anu nyaritakeun status sosial anu handap. tokoh nu status sosialna handap ulukutek we jeung kahirupanna teu boga kereteg pikeun robah. Tapi aya oge carpon nu nyaritakeun latar sosial nu handap tapi boga kereteg keur ngarobah diri. Tina sawangan pakasaban tokoh digambarkeun ku ayana direktur, guru, patani, pengusaha, koruptor, wartawan, awewe baong.
- 3) Sarana carita nu ngawengku; judul; puseur implengan; gaya basa. Nu kapaluruh dina ieu kumpula carpon bisa dicindekkeun saperti ieu dihandap:
- 1) Judul téh mangrupa gambar tina eusi carita nu rek ditepikeu. dina ieu kumpulan carpon kapaluruh yén judul-judul nu aya dina ieu kumpulan carita pondok mangrupa simbol-simbol, atawa tanda nu kudu dimaknaan
 - 2) Puseur implengan téh mangrupa karancagean pangaran dina mawakeu carita. Puseur implengan nu dipake dina ieu

kumpulan carpon nya éta make puseur implengan caturan jalma ka tilu, jeung caturan jalmakahiji

- 3) Gaya basa téh mangrupa cara pangarang dina ngebrehkeun ide gagasanna ngaliwatan media basa. Basa nu dipake dina ieu kumpulan carita pondok nya eta basa sapopoe anu basajan tur gampang dipikahari ku nu macana. Sakapeung basa direumbeuy ku basa indonesia jeung basa asing dumasar kana warnana gaya basa nu kapanggih dina ieu kumpulan carpon nya eta ngupama keun, mijlama, rarahulan, ebrehan, silib, ocon jeung rautan.
- b. Aspek Psikologis dina ieu carpon museur kana karakter jeung paripolah tokoh-tokohna numangrupa pagaruh tina lingkungan sabudeureunana. Karakter jeung paripolah tokoh teh mangrupa respon tina stimulus-stimulus lingkunganana. Lingkungan nu dimaksud nya éta kaayan ekonomi,, sosial, pikiran, rasa, jeung paripolah tokoh sejen. Karakter jeung paripolah tokoh-tokohna mangrupa respon jeung stimulus nu geus dikondisikeun samemehna. Stimulus jeung respon nu geus dikondisikeun ieu anu ngawangun karakter jeung paripolah tokoh-tokoh dina ieu kumpulan carita pondok
 - c. Patalina Antar unsur jeung kagemblengan carita, di cindekkeun yen Patalina antarusur dina ieu panalungtikan ngawengkeu kana, (1) patalina tema jeung alur, (2) patalina tema jeung tokoh sarta penokohan, (3) patalina téma jeung latar, (4) patalina alur jeung tokoh sarta penokohan, (5) patalina alur jeung latar,(6) patalina latar jeung tokoh sarta penokohan.
 - d. Patalina Antara aspek Psikologis jeung struktur carita dicindekkeun yén Dina ieu kumpulan carpon patalina Aspék psikologis jeung struktur carita kapanggih dina tema, jeung tokoh sarta penokohanna

5.2. Saran

Ieu panalungtikan téh medar masalah sturuktur jeung aspék psikologis. Sabada ngayakeun panalungtikan, dina ieu kumpulan carita pondok téh gening leubeut pisan ku ajén-inajén anu can kaguar ku ieu panalungtikan. Ku kituna saran tina ieu panalungtikan nya eta:

- a) Tina sisi aspék psikologi sastra ieu panalungtikan téh ngan medar kajiwaan tokoh sacara tékstual. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan psikologi sastra tina aspek proses kreatif pangarang, kajiwaan pangarang, sarta respon pamaca kana ieu kumpulan carpon disawang tina jihat kajian nu sejen.
- b) Ieu kumpulan carita pondok téh leubeut ku ajén inajén anu can kaguar. Ku kitunna, dipiharep aya panalungtikan ngeunaan kumpulan carpon disawang tina jihat paelmuan sejen.
- c) Disawang tina aspék psikologis, karakter jeung paripolah dina ieu kumpulan carita pondok bisa dijadikeun bahan pangajaran apresiasi sastra di SMA/SMK/MA.